# ТАХIАДЖУД ЛАМАЗ

Къинхетаме а, къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!

– **Довзийтар:** Буьйсанна деш долу ламазах «Iуьйкъа ламаз» олу вайн маттахь, амма наб йина, вижинчура самаваьлла деш далахь, цунах «тахIаджуд ламаз» олу. Цигара схьа аьлла Iелам-наха тахIаджуд ламазан биллам шиъ бу аьлла: пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа хилар а, набара тIаьхьа хилар а.

– **Хьукм:** ТахIаджуд ламаз чIагIдина суннат ду.

– **Дозалла:** Пайхамара ﷺ аьлла: «Ламазах дезаниг – парз ламаз дIадаьлча, буьйсанан ламаз ду» (Муслим: 1163). Цуьнан дозалла дуьйцуш кхий дуккха аяташ а, хьадисаш а даьхкина.
Имам ал-АвзáIийс (АллахIа къинхетам бойла цунах) аьлла: «Буьйсанаш дуккха а (ламазашкахь) ден йиначунна, АллахIа къематдийнахь латтар а атта дийра ду». (Сияру аIлáми ан-Нубалáъ, 7/119)

– **Хан:** Цуьнан хан пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа, Iуьйра ламазан хан кхаччалц ю. Ткъа цуьнан уггар дика хан муьлхург ю аьлча – цу хьокъехь Имам Нававийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Буьйсанан шина декъах цхьа дакъа ламаз деш яккха лаахь – шолгIа дакъа дезох ду. Буьйса кхаа декъе екъа лаахь – юккъера дакъа дезох ду. Цу шиннал а деза ду буьйса ялх декъе екъа а екъна, цу ялх декъах доьалгIачу а, пхоьалгIачу шина декъехь ламаз дар.

– **РакаIаташ:** Лаххара барам ши ракаIат ду, лакхарчу бараман тоьхна доза а дац.

– **Куц:** ТахIаджуд ламаз кхидолу ламазаш санна деш ду. Шина ракаIатал сов дечо хIора шина ракаIатехь салам а луш. ТахIаджуд ламаз дIадоьхкуш шена лууччо «тахIаджуд ламаз» аьлла дехка мегар ду, «Iуьйкъа ламаз» аьлла дехка мегар ду, «суннат ламаз» аьлла дехка мегар ду. Иза шá цхьам дар суннат ду, жамаIатехь ца деш. И ламаз дечу хенахь Фатихьатал тIаьхьа шена хууш долу сурат, я аяташ дешар суннат ду. Оцу ламазехь деша билгалдина къастийна сурат, я аят дац. Шена хууш дерг дешча, суннат кхочуш хуьлу.